

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Hakékatna mah sastra mangrupa fiksionalitas nu nandeskeun soal kaartistikan sarta mibanda ajén kajujuran jeung bebeneran (Koswara, 2013, kc. 6). Ku kituna, karya sastra némbongkeun gambaran kahirupan tina sawangan pangarang ngaliwatan cara nu béda sarta unik. Sajalan jeung éta pamadegan, Luxemburg (1986, kc. 9-12) nandeskeun yén sastra lain ngan saukur obyék atawa barang, tapi hiji ngaran atawa idéntitas pikeun téks-téks nu tangtu hasil tina prosés lingkungan kabudayaan. Karya sastra mangrupa hasil tina prosés mikir hiji jalma. Gelarna karya sastra bisa ngagambarkeun kaayaan jeung nepikeun gagasan anu nulis. Karya sastra gumelar pikeun nyumponan kabutuhan batin, sangkan dipikaharti, jeung dimangpaatkeun ku manusa. Dina sawangan pangarang, kaayan sosial masarakat mangrupa puseur inspirasi anu nyata dina prosés nyipta hiji karya. Ku kituna sastra mangrupa salah sahiji eunteung kulantaran nembrakeun gambaran kahirupan anu dumasar kana kanyataan sosial masarakat.

Pamarekan mimétik dumasar kana asumsi yén kahirupan dina karya sastra bisa ngabogaan sistem anu bisa disaruakeun jeung sistem sosial masarakat. Sastra bisa disawang salaku gejala sosial, dina waktu anu tangtu patali jeung norma-norma sarta adat kabiasaan dina éta pajamanan.

Nilik kana wangunna, karya sastra dibagi jadi tilu golongan nya éta puisi, drama jeung prosa. Karya sastra atawa fiksi miboga ciri-ciri, di antarana, konotatif, intuitif, konséntris, jeung komuni. Dina wacana fiksi réa digunakeun kecap-kecap anu ngandung makna konotatif, nya éta ma'na injeuman anu teu langsung nuduhkeun acuanana. Dina wacana fiksi diébréhkeun rupining obyék anu bisa ngahudang daya hayal atawa pangalaman ngaliwatan kesan-kesan imajinatif atawa intuitif. Aya tilu wangun wacana fiksi, nya éta (1) wacana lancar, (2) wacana ugeran, jeung (3) wacana drama (Sudaryat, 2003, kc.166).

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Carita pondok (carpon) nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar anu wangunna pondok (Atmazaki, 1990, kc. 28). Minangka salah sahiji wangun karya sastra nu rélatif pondok, palakuna ogé ukur dua atawa tilu. Galur caritana rélatif basajan lantaran jumlah kajadian dina caritana henteu réa, museur kana kajadian utama. Umumna mah jejer, latar (*setting*) jeung kajadianana téh diolah tina kahirupan sapopoé (Koswara, 2011, kc. 97).

Sastra moal leupas tina pasualan sosial, budaya jeung lingkungan. Ngaliwatan karya sastra, pangarang anu sapopoéna hirup kumbuh babarengan sarta jadi bagian tina masarakat kalayan bebas ngaéksprésikeun ngeunaan budaya, kahirupan sosial jeung lingkunganna. Kaayaan lingkungan sabudeureun anu digambarkeun pangarang dina karyana ngaliwatan carita fiktif mangrupa hiji bukti yén ayana kajujuran dina ngainterprétasikeun kondisi anu karandapan. Endraswara (2016, kc. 9) negeskeun yén karya sastra minangka hasil cipta imajinasi pangarang mangrupa *invéstasi* tina kumpulan gagasan jeung pangalaman lahiriah sarta batinhiah pangarang nepi ka jadi karya anu miboga ajén luhung. Harepan sarta gagasan pangarang salaku subjék dina budaya jeung lingkungan, nyamuni ngaliwatan éstétika sarta stilistika nu ngawujud kana hiji struktur karya sastra.

Pikeun ngabuktikeun yén karya sastra téh moal leupas tina pasualan lingkungan jeung kamasarakatan, tangtu kudu aya analisis anu matalikeun antara karya sastra jeung faktor sosial saluareun téks karya sastra. Aya rupa-rupa analisis anu bisa dipaké dina maluruh aspék lingkungan jeung kahirupan sosial masarakat dina karya sastra, ku sababaraha ahli disebut sosiologi sastra.

Dumasar kana jihat téoritis, sok sanajan pamadegan unggal ahli béda-béda tapi saenyana dasar pamarekan nujul kana anggapan nu sarua. Sastra mangrupa institusi sosial anu dijieun ku panulis, taya lian mangrupa bagian tina masarakat. Ku kituna Sosiologi sastra mangrupa élmu anu bisa dipaké pikeun nganalisis karya sastra ditilik tina aspék kamasarakatanana. Nurutkeun Wellek & Weren (1995, kc. 111), sosiologi sastra digolongkeun kana tilu bagian: 1) sosiologi pangarang nu ngaguar masalah status sosial, idéologi sosial, katut sagala hal nu

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aya pakaitna jeung pangarang salaku nu nyiptakeun karya sastra; 2) sosiologi sastra nu ngaguar masalah sajeroning karya, nu jadi puseur ulikan nya éta rupining masalah nu kaunggel dina karya sastra jeung naon tujuanana; jeung 3) sosiologi nu ngaguar masalah hubungan pamaca jeung pangaruh sosial karya sastra.

Naon sababna sastra perlu diajarkeun di sakola? Lantaran dina téks karya sastra aya muatan atikan moral anu perlu dipimilik ku barudak sangkan maranehna jadi jalma anu cageur, bageur, bener, jujur jeung pinter sarta sumujud ka Alloh SWT. Saestuna aya opat rupa mangpaat diajar sastra, nya éta (1) ngarojong kaparigelan basa, (2) ningkatkeun pangaweruh budaya, (3) mekarkeun cipta jeung rasa: kamampuh indrawi, panalaran, aféktif, sosial, réligius, (4) ngarojong *pembentukan* watek: pangajaran sastra kudu ngabina perasaan anu leuwih seukeut jeung kudu bisa mekarkeun kualitas kapribadian siswa (Koswara, 2011, Kc 12.).

1.2 Watesan Panalungtikan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Panalungtikan

Carpon minangka salah sahiji wangun karya sastra, dipangaruhan ku téma kahirupan sabudeureun kaasup ku pasualan sosial jeung lingkungan. Gelarna karya sastra ngabogaan tujuan ngagambarkeun sawangan pangarang ngeunaan sosial jeung lingkungan jeung nepikeun gagasan pagarang ku cara nu beda sarta unik ngaliwatan tulisan.

Dumasar kana éta hal, carpon nu ditalungtik nyéta aya dina kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana. Cara nalungtikna nya éta museur kana pasualan kontéks sosial pangarang nu ngaguar hubungan posisi sosial pangarang dina kahirupan jeung masarakat pamaca. Kaasup paktor sosial anu bisa mangaruhan pangarang salaku individu salian ti mangaruhan kana karya sastrana. Dumasar éta hal, pamarekan sosiologi sastra diperlukeun pikeun nalungtik ngeunaan gagasan sarta sawangan pangarang ngeunaan kaayaan

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

lingkungan sarta kahirupan sosial salaku kasang carita, Laju ti éta, hasil panalungtikan bisa dimekarkeun pikeun bahan pangajaran ngapresiasi sastra jeung nganalisis sastra dina wangun carpon.

Salian sacara téoritis, kalawan nyoko kana kapraktisan élmu pangaweruh, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré kontibusi pikeun dunya atikan, basa, sastra jeung budaya Sunda sacara umum. Sistem atikan anu dipaké pikeun prosés pangajaran, raragana geus nyampak dina wengkuan kurikulum. Tapi ogé pikeun kapentingan konsep atikan nu leuwih lega, atikan ngawengku atikan moral, norma jeung tata kalakuan atawa cara hirup di masarakat salaku mahluk sosial. Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan pikeun kagiatan aprésiasi carpon di masarakat utamana dina komunitas widang tinulis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya:

- a. Kumaha struktur carita nu aya dina kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana ?
- b. Kumaha pangaruhna aspék réalita sosial pangarang dina struktur carita kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana ?
- c. Naha buku kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana bisa dipaké bahan pangajaran di SMA/SMK?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.2 Tujuan Umum

Tujuan umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh jeung murak aspék sosial pangarang anu nyampak dina kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana.

1.3.3 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun:

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Struktur carita dina kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana.
- b. Pangaruh Aspek realita sosial pangarang dina struktur carita kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana.
- c. Ngamangpaatkeun hasil aspék sosial pangarang dina kumpulan carpon *Carita Lain Caritakeuneun* karya Toni Lesmana pikeun bahan pangajaran di SMK.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat ieu panalungtikan nya éta, dipiharep:

- a. Bisa jadi sumber référénsi pikeun para mahasiswa jeung kaom akademisi lianna anu nalungtik sastra Sunda;
- b. Bisa ngeuyeuban produk panalungtikan karya ilmiah tina jihat sastra, hususna pikeun lembaga-lembaga kasundaan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep:

- a. Bisa nambahan pangawareuh masarakat ngeunaan gambaran lingkungan anu diwangun ku pangarang dina karyana;
- b. Sarta bisa ngeuyeuban bahan pangajaran di SMK.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika panulisan dina ieu tesis ngawengku lima bab, nya éta:

BAB I: Bubuka

Mertélakeun perkara kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi téks.

BAB II: Ulikan Tiori, Anggapan Dasar, jeung Raraga Mikir

Dina ieu bab didadarkeun:

Daniel Taufiq Abdullah, 2017

STRUKTUR CARITA JEUNG REALITA SOSIAL PANGARANG DINA KUMPULAN CARPON CARITA LAIN CARITAKEUNEUN KARYA TONI LESMANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRESIASI CARPON DI SMK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Konsep poko anu dijadikeun tatapakan pikeun ngungkulan pasualan anu ditalungtik dumasar kana sajumlah buku jeung bahan bacaan lianna salaku rujukan konsép jeung tiori:
 - a. Struktur Carpon
 - b. Sosiologi pangarang
 - c. Bahan Pangajaran
- 2) Panalungtikan saméméhna.
- 3) Kalungguhan tiori panalungtikan
- 4) Raraga mikir anu digunakeun dina panalungtikan.

BAB III Métoeu Panalungtikan

Ieu bab mertélakeun perkara metodeu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, nangtukeun data, instrumen panalungtikan, désain panalungtikan, jeung prosédur analisis data.

BAB IV Analisis jeung Pedaran

Ieu bab ngadadarkeun hasil analisis data anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan jeung pedaranna.

BAB V Kacindekan, Saran, jeung Implikasi

Dina ieu bab didadarkeun kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab saméméhna, jeung sawatara saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan lianna.